Ассаламу гIалайкум, казбекалъул жамагIат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 24 (9869) 19 июнь 2020 с. /Рузман 28 Шаввал 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## ХIурматиял районцоял!



Дагъистаналъул бетIерав санитарияв тохтур Н. Павловасул информациялъухъги гIинтIамун, республикаялда коронавирус т1ибит1унгутIиялъе гIуцIараб оперативияб штабалъ къотIи гьабуна 15 июналдаса гIорхъичIезабиялъул тадбирал рахъиялъул 1- аб. этап байбихьизе. Гьеб къотIиялда разилъана киналниги шагьаразегун районазе нухмалъулелги.

Гьал къояз коронавирус тIибитIи дагьлъулеб буго, амма гьеб тIубанго лъугIун гьечIо. Гьелъ, унтиялдаса цIуниялъе гьарулел тадбирал тIубанго хисизе цудунго буго. ХIалтIизе руго гIадамазе хъулухъ гьабиялъул гIуцIаби, тукаби, базаби ва гь.ц. (унтиялдаса цIуниялъе рихьизарурал къагIидаби цIунун ругони). Бегьула къватIире рахъине, парказда, скверазда тира-сверизе ва гь.ц. гьабизе, амма гьоркьоб манзилги цIунун.

Рехсараб тадбир, этапал ккун, бетIералде бахъинабизе бокьани, нилъеца жеги цIунизе ккола манзилалъул, маскабазул режим, гурони, унти т1адбуссине бегьула ва нилъ рукъор чIезе ккезе руго.

Гьарула нужеда сабруялда рукIаян ва унтиялде дандеч1еялъул къаг1идаби ц1унеян!

**«Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер**
**ХI.ХI. МУСАЕВ**

## Республикаялъул оперативияб штабалда...




16 июналда В.Васильевас тIобитIараб видеоконференциялда гIахьаллъана-муниципалитетазул бутIрул, Роспотребнадзоралъул РДялда бугеб Управлениялъе нухмалъулев Н. Павлов, предпринимателазул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ вакил М.ТIалхIатов, МахIачхъалаялъул бизнес - сообществоялъул Ассоциациялъе нухмалъулев ГI.Пахрудинов ва бизнесалъул вакилзаби.

Данделъиялда бицен гьабуна коронавирусалде дандечIеялъе рихьизарурал гIорхъичIваял чучлъизариялъул тIоцебесеб этап байбихьиялъул ва кIиабилеб этапалде, республикаялда унтиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIал мухIканго лъазабун гурони, байбихьизе гьечIеблъиялъул.

Гьединго, гьениб бихьизабуна республикаялъул цIикIкIунисел бакIазда, гьезда гьоркьоб буго нилъер районги, унтиялъ росулезул къадар дагьлъулеб букIин ва, гьеб гьедин бугинги абун, гIодоре риччан чIезе бегьулареблъи.

**РИА «Дагъистан»**

<u>**12 июнь-Россиялъул Къо**</u>

## Россиялъул къо кIодо гьабун...

11 июналда районалъул Централияб библиотекаялъул цIалдолезул залалда тIобитIана, Россиялъул Къо кIодо гьабиялда хурхараб, **«гургинаб»** стол. Гьенире гIахьаллъана-И.Б. Салимханов (районалъул бетIерасул заместитель), ХI. Адимирзаев (ЖамгIияб палаталъул председатель), Х. МухIамадхIабибов (рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель), Б. Нуцалов (информациялъулгун технологиязул, ихтиярал рукIинариялъул отделалъул начальник), ГI. Халидов (ОМВДялъул начальник), Х. Салимов (прокурорасул заместитель), ГI. Закарьяев (РУОялъул начальникасул заместитель), Н.Качалаева (ЕИЦалъе нухмалъулей).



Данделъиялъул гIахьалчагIазда, районцоязда байрамги баркун, кIалъазе вахъана И.Б. Салимханов. Гьес абуна: «Жакъасеб байрам ккола гражданияб ракълил, цоцазул рагIи данде ккеялъул ва цоцалъ рекъеялъул байрамлъун. Нилъ чухIараллъун рукIине ккола гьадинаб тарих бечедаб улкаялда рукIиналъ. Божи лъола нилъер пачалихъ цебетIураблъун бихьизе букIиналда»,-ян.

Гьесда хадув кIалъарав ХI. Адимирзаевас абуна: «Гьаб захIматаб заманалда, тIоцебесеб иргаялда, районцоязе дица гьарула сахлъи. Пачалихъалъ гIадамазде кьолеб кIвар нилъеда бихьана Дагъистаналъе гьабураб ва гьабулеб бугеб кумекалъулъ, амма гьеб кумек асар кьолеблъун букIине ккани, гIадамазги цIуна-къай гьабизе ккола»,-ян.

Б. Нуцаловас, гIатIидгьабун, гьениб бицана Россиялъул Конституциялда гьарурал хиса-басиязул, гьединго, гьес районцоял ахIана (25.06.2020 с.-01.07.2020 с.) тIобитIизе бугеб гьаракькьеялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе. Хадур кIалъарал-Х. Мух1амадхIабибовас, ГI. Халидовас, Х. Салимовас ва Н. Качалаевалъ районцоязда байрам баркана, бицана пачалихъ цIуниялъулъ, гьеб цебетIезабиялъулъ Дагъистаналъул гIадамаз лъураб бутIаялъул, медицинаялъул хIалтIухъабаз коронавирус нахъч1ваялъе бахъараб хIаракаталъул, улка цебетIезабиялъулъ щивас лъураб бутIаялъул кIвар букIиналъул ва г ь. ц.

Данделъи нухда бачана библиотекарь А. ГIабдулмуслимовалъ.

**И. ИДРИСОВ**




***День медицинского работника - праздник, который прославляет одну из самых важных профессий всех времен.***

***Он был учрежден Указом Президиума Верховного Совета СССР от 01.10.1980 г.***

***Праздник не имеет определенной установленной даты, он отмечается каждый год в третье воскресенье июня.***

## *Поздравляем!*

### *Уважаемые медицинские работники!*

Без вашей профессии сложно представить мир.

В этом все убедились в период пандемии. Не жалея сил и времени, вы делали всевозможное, чтобы спасти больных, облегчить их страдания. Вы даёте надежду даже тогда, когда пациент не верит уже ни во что. Ваш труд бесценен.

Пусть успехи сопровождают вас не только на работе, но и дома. Пусть всегда пылает ваш семейный очаг, пусть в вашей жизни царят гармония и взаимоуважение. Простого человеческого счастья вам!

С праздником вас!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ***

**ГIагараб газеталъул божарал гьудулзаби,**

# 21 июнь – медицинаялъул хIалтIухъанасул Къо

## Нижехъе хъвалеб буго…



Коронавирус унти баккиялъ нилъер гIумруялъул гIезегIанго хиса-басиял ккезаруна. Гьел жидее захIмалъичIел гIадамал нилъеда гьоркьор ратилинги абиларо, амма гьез кьаби щвезабуна унтун больницабазде ккаразда ва унтаразе хъулухъалъе чIарал медицинаялъул хIалтIухъабазда. Сардазгун къояз рахъун чIана гьел унтаразе хъулухъ гьабизе. Гьединго, гьел балагьичIо жидер гIумруялъе хIинкъи букIиналдеги. Реццги цIарги гьезие!

Тохтурзабазе, медицинаялъул киналниги хIалтIухъабазе баркала загьир гьабун, нижехъе рачIунел кагътал газеталда рахъизе ккани, хIажалъула цо чанго гьумер ва гIезегIанго заман. Щивасе бокьула жидеца хъвараб хехго газеталда бахъизе, амма гьелъие рес нижер букIунаро. Цоги, цо чангояс бачIуна цого гIадамазул хIакъалъулъ хъванги. Гьел кагътал газеталда лъезеги лъикI букIунаро. ЦIалдолезда гьарула ниж ричIчIаян.

Дилим росулъа Уматай ХIажиевалъ хъвалеб буго: **«Районцоязда лъикI лъалеб батила май моцIалъ районалъул больницаялда букIараб ахIвал-хIал. Унтараз больница цIун букIана. Гьезда гьоркьор рукIана захIматго унтаралги. Дунги ккана больницаялъул инфекционнияб отделениялде. Гьений йикIараб кIиго анкьалъ дида бихьана гурхIел - рахIмугун унтаразде руссарал тохтурзаби, медсестраби ва санитаркаби. Унтараздехун гьез гьабулеб хIеренаб каламалъ, гьезул тIалабалъ ниж хIайран гьаруна. «Тохтурзабазул хIеренаб, берцинаб каламалъги сахлъизарула»,-ян аби дида битIараблъун батана.**

**ТIадехун рехсараб отделениялъе нухмалъи гьабулеб буго Аружан ГIабдулмуслимовалъ. Гьей ниж киназухъего цо чанго нухалда щолаан, ахIвал-хIалалъул цIех-рех гьабулаан. Гьей жание лъугьиналъухъ ниж балагьун чIун рукIунаан.**

**Унтиялде данде къеркьеялъул киналго рахъал, цIуниялъе гьаризе кколел тадбирал гьенир хIалтIулезда лъикI лъалел ругоан. Якъин бихьулеб букIана жиндирго сахлъи- ялда ва заманалда Аружан барахщуней гьечIеблъи. Гьей унго-унгояй магIарулалъ ракIбацIцIад ва бажаризабун гьабураб хъулухъалъ ниж хехго хIатIидаги лъуна.**

**ГIалимзабаз гIемер бицуна унтаразе ракI-ракIалъ хъулухъ гьабулаго араб заман Аллагьасе гIибадат гьабуралъул бакIалда чIолин. Гьелъие мустахIикъай йиго Аружанги.**

**Бокьун буго, тIаде щолеб профессионалияб байрамги баркулаго, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе Аружание ва гьелъ нухмалъи гьабулеб коллективалъе. Дица гьелъиегун гьезие гьарула щулияб сахлъи, халатаб гIумру, талихI, даимаб рохел ва гьабулебщиналъулъ битIккей»**,-ан.

Рехсараб отделениялъул хIалтIухъабаз гIадамазе гьабураб хъулухъалъул, гьезул гIаданлъиялъул, гурхIел-рахIмуялъул хIакъалъулъ нижехъе хъвалеб буго Гуни росулъа Бесират Адуевалъги.

Аружанил ва гьелъул коллективалъул хIакъалъулъ Б. Адуевалъ хъвалел рагIабиги хъвани, гьел такрар гьаризе кколел руго. Гьеб рекъон букIунаро.

**Д. ГIАБДУЛАХIИТОВА**

## Махщалие ритIухъай



**Тохтур…** Гьеб рагIиялъ жанире рачуна махщелазул церетIеязул киналниги рахъал. Инсан махщалил тIадегIанлъуде вахани, гьесда гьелъул гIемерал рахъал лъалел ругони, гьев гIелмуялъул тохтур кколилан цIар кьола. Гьеб цIаралъ бихьизабула махщалил болъоялъул кигIанаб борхалъуде инсан вахаравали.

Медицинаялда *«тохтур»* абураб цIаралъ жанибе бачуна тIолабго гIумру. Гьеб цIаралъ кьола хьулазе чIаголъи, гьелда лъола божилъи, гьеб рагIиялъ хисизабула гIумруялъул тIубараб бутIа. Гьелъие мисаллъун бачине бегьула нилъеде гьоркьобе лъугьараб коронавирус унти. Гьеб баккизегIан медицинаялде букIараб бербалагьи тIубанго хисанин абуни, мекъи ккеларо. Гьеб тасдикъ гьабула нижехъе рачIунел баркала кьеялъул кагътазги. Гlемеразда бичIчIана цIикIкIунисел медицинаялъул хIалтIухъаби ракIбацIцIад, жидеда барахщичIого, хIалтIулел рукIин. Гьединго, цIикIкIунисезда бихьана жидеде кколареб хъулухъцин гьез гIадамазе гьабулеб букIин. *Гьелъухъ гьезие ракI-ракIалъулаб баркала!* ТIадехун рехсаразул цояйлъун кколин абизе бегьула Калининаул росулъа тохтур Мадина Карамодиновна Коргъолоева.

Мадина гьаюна 1980 соналъ Калининаул росулъ. Школалда Мадина, байбихьиялдасанго, *«щуго»* къиматазда цIалана, гьей гьоркьоса камулароан класстун къватIирехун гьарулел тадбиразулъаги. Мадина гIахьаллъулаан олимпиадабазда, батIи-батIиял конкурсаздагун тадбиразда. КIвахIгьечIолъиялъ, тIадчIеялъ гьелда бажарана меседил медалалдалъун школа лъугIизабизе.

Гьей йикIана Калининаулалъул гьоркьохъеб школалъул тIоцеесей медалистлъун.

1997 соналъ школаги лъугIизабун, гьей лъугьана Дагъистаналъул медицинаялъул пачалихъияб академиялде. Гьай-гьай, гьебги гьелъ лъикIал къиматаздалъун лъугIизабуна. Цо соналъ Хасавюрт шагьаралъул больницаялда ординатураги лъугIизабун, Мадина гIагараб росулъе тIадюссана.

2004 сонадаса гьей участкаялъул тохтурлъун хIалтIана. Лъай бугей, ракIбацIцIад тIадкъараб иш тIубалей, хIеренай, гIадамазулгун рагIи рекъезабун бажарулей гIолилай лъикI къабул гьаюна росдал гIадамазгун цадахъ хIалтIулез. Гьелъул хIакъалъулъ квешаб рагIи абулеб дида рагIичIо.

2019 соналъ Мадина Хасавюрталъул районаздагьоркьосеб хехаб кумекалъул станциялде хIалтIизе лъугьана ва жакъа къоялъги гьений хIалтIулей йиго.

Коронавирус унти баккараб заманалдаса Мадинаца, заманалъухъ балагьичIого, хъулухъ гьабуна росдал гIадамазе. *«Нуж дихъе кколаро», «Нужер нужерго тохтурзаби руго»* ва гь.ц. рагIаби хIалтIизаричIого, кIвахIтун, свакалъухъ балагьичIого, кумек гьабуна Мадинаца росдал гIадамазе. Гьеб гьедин букIиналъе нугIлъи гьабула гIадамаз редакциялде рачIарал кагътаз.

Цо авторалъ (гьелъ жиндирго цIар рехсон гьечIо) нижехъе бачIараб кагътида хъвалеб буго: «Коронавирус унтиялъ бихьизабуна хъахIал халгIатал ретIарал, гIумруялда ва заманалда барахщичIого, гIадамазе хъулухъалъе хIадурал рукIин. Гьезда гьоркьоб хасаб бакI ккола Мадина Коргъолоевалъ.

***ХIурматияй Мадина!***

Божа, дур махщалие, гIатIидаб, хIеренаб ракIалъе, гIадамазде бугеб гурхIалил бербалагьиялъе, рахъунчIун, хъат кьабулеб буго росуцояз. РакI-ракIалъулаб баркала буго дуе кумекалъухъ, гIадамал ричIчIаралъухъ, нижее гьабураб хъулухъалъухъ.

Аллагьас азарго даражаялъ цIикIкIинабеги гьелъухъ дуе щолеб кири. ЙикIаги мун кидаго гьединайлъун»,-ан.

ЦIалдолезда бичIчIине ккола кинабго гIадамаз хъвалеб гьаниб рехсезе рес гьечIеблъи. Гьединго, лъазе ккола мустахIикъав чиясул хIакъалъулъ гурони, гIемераз гIемерал рагIаби хъвалареблъиги. РакIчIун, абизе кIола Мадина жиндирго бакIалда ва гьей баркалаялъе мустахIикъай йигин.

**М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

## ХIинкъи букIана, амма…



***Районалъул сахлъицIуниялъул хIалтIухъабаз, жидерго махщалил налъуе ритIухълъи цIунулаго, тIубазабулеб буго кIвар бугеб масъала – гьел къеркьолел руго халкъалъул сахлъи цIуниялда тIад. Балагьаб коронавирусалъулгун рагъ гьабулелъулги гьел цебесеб кьерда руго.***

Киналго республикаялъул росабаздаго гIадин аскIосан къот1ич1о гьеб унти Казбек районалъул росабаздаги. Гьелъ хисизабуна гIадатияб гIумру, рукIа-рахъин ва цогидабги. ЦIакъ захIмалъана гьеб гIадамазе ва хасго районалъул централияб больницалъул хIалтIухъабазегун тохтурзабазе, медсестрабазе. Макьу, хIалхьи, хъизан-рукъ тун, гIадамазул сахлъи цIуниялъул хъаравуллъуда чIана гьел. Къойидаса-къойиде гIемерлъулел унтараз кIоченабуна цогидабщинаб.

Гиппократил гьаялъе ритIухълъиги цIунун, гIолохъанал, ригь арал ратIа рахъичIого, киназго жидедаго тIаде босана гIадамазул къварилъи.

Гьединазда гьоркьой «багIараб зонаялда» хIалтIулей йикIана гIолохъанай лъималазул тохтур Аминат Салаеваги.

Аминат гьаюна I99I соналъ Дилим росулъ Сала ва Зульпият Салаевазул хъизаналда. Гьоркьохъеб школа лъугIарабго, гьей цIализе ана Астраханалъул медицинаялъул пачалихъияб университеталде.

ЦРБялда Аминат хIалтIулей йигелдаса унеб буго ункъоялдаса цIикIкIун сонал. Гьеб заманалда гьелъ жийго йихьизаюна бажари-махщел бугейлъун, жинца тIаса бищараб махщалиде рокьи, гIадамаздехун берцинаб бербалагьи бугейлъун. Лъималазул отделениялда унтарал лъималгун регизе ккарал улбуздаги лъикI лъала Аминатил гIодобе биччараб гIамал-хасият ва, гьелдаго цадахъ, гьунар ва бажари.

Гьел хасиятал Аминатилъ цIакъго тIатана коронавирусалъул унти нилъер районалде щведал. Узухъда, хIинкъи букIана тохтурзабазул гIумруялъеги, амма гIадамал рехун тезе бегьулароан.

РакIалдаго гьечIого, гIемерлъана унтаразул къадар, нахъ балагьичIого Аминатица «багIараб зонаялда» хIалтIизе байбихьана .

**«ЗахIмат букIана унтаразул хал гьабизе, медицинаялъул кумекалда цадахъго, гьезие психологическияб кумекги гьабизе ккoлеб букIана. ГIадамазул балагьиялъулъ бихьулеб букIана хIинкъи, щайгурелъул, гьеб буго цIияб вирус ва гьелъул хIакъалъулъ лъалеб дагь гурони гьечIо. ГьабсагIаталда унтаразул къадар гIезегIанго дагьлъун буго, амма букIана заман регизе бакI щоларого бугебги. Божула, къокъаб заманалда унтарал сахлъун рукъоре тIад русине рук1иналда»**,- ян абуна гьелъ.

Гьединал бах1арчиял, къо т1аде ккедал х1алае рахъунел г1адамаздалъун нилъер район бечедаб буго.

Бокьун буго ракI-ракIалъ баркизе районалъул медицинаялъул хIалтIухъабазда профессионалияб байрам – медицинаялъул хIалтIухъанасул Къо ва гьаризе гьезие щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хIалтIулъ жеги чIахIиял бергьенлъаби.

**Асият ДИБИРОВА**

# 21 июнь – медицинаялъул хIалтIухъанасул Къо

## Гьаз бахIарчилъи бихьизабуна

Нилъер районалда хIалтIулеб буго 19 сахлъицIуниялъул учреждение. Гьездасан цо централияб, 2 участковияб больницаби, 2 амбулатория, 5 фельдшеразул ва 9 фельдшерлъиялъулгун акушер лъиялъул пункталъ. Сахлъи цIуниялда т1ад хIалтIулел руго 80 тохтур ва 284 гьоркьохъеб медицинаялъул хIалтIухъан.

Коронавирусалъул инфекция тIобитIиялда бан, гIезегIанго хиса-басиял ккана сахлъицIуниялъул гIуцIабазда.

**«COVID-19»** инфекция тIибитIичIого букIиналъе районалда хасаб оперативияб штаб гIуцIана.

ЦРБялъул бет1ерав тохтурасул ишал т1уралев Рашид ГIамиевасда бажарана унтиялде данде къеркьеялъе х1ажатабщинаб ч1езабизе. Х1адурун рук1ана унтарал регизе 105 койка, гьуърул хIалтIизарулел аппаратал ва гь.ц.

Пандемиялъул заманалда, кIвахIтун, хIалтIана поликлиникаялъул участковыял терапевтал: МухIамад МухIамадов, Зубайдат Насрудинова, ПатIимат ХIосенова, ПатIимат ЛатIипова ва гьелгун хIалтIулел медсестраби. Унтиялде данде къеркьеялъулъ к1удияб бут1а лъуна поликлиникаялъул кIудияй медсестра ГIазра Зубайриевалъги.

Апрель - май моц1аз участковыял терапевтаз тIаде росана 257 пневмониялъ унтарал, гьезул 62- ясулъ **«COVID-19»** букIин чIезабуна, больницаялда вегизавуна 86 чи ва рукъор сахлъизавуна 171 чи.

Жидерго сахлъиялъе бугеб хIинкъиялъухъ балагьичIого, **«багIараб зонаялда»** хIалтIана М-расул МухIамадшарипов (терапевтическияб отделениялъе нухмалъулев), Юсуп Мусаев (анестезиолог), Гъиса ХIамидов (уролог), Мадина Дарбищева (педиатр), Зумурат Идрисова (терапевт), Маржанат Джамалдинова (кIудияй медсестра), ва медсестрабигун санитаркаби.

ЦРБялъул инфекционнияб отделениялъе нухмалъулей Аружан ГIабдулмуслимова, т1олабго коллективгун цадахъ, щибаб къоялъ къеркьана гIадамазул гIумру хвасар гьабиялда т1ад. Сордо - къо гьоркьоб биччач1ого, хIалтIана гьел **«багIараб зонаялда»**.

Лъалеб букIахъе, мухIкан инсанасул унти анализаздасан чIезабула.

Районалъул больницаялда хIалтIулеб буго кIиго лаборатория. Больницаялда регаразул анализазул хал гьабула тIадегIанаб категориялъул фельдшер - лаборант Аминат Султанбековалъ. Аминатица 43 сон гIумрудул къуна гьеб хIалтIуе. Лабораториялъул хIалтIухъабазе апрель-май моцIал рукIана ц1акъго хIалуцарал, гьениб т1обит1улеб бук1ана суткаялъул дежурство.

Гьел моц1аз лабораториялда хал гьабуна 8000-ялдаса цIикIкIараб анализалъул. Гьединабго къаг1идаялда х1алт1ана поликлиникаялъул лаборатория. Пемераб хIалтIи гьабуна унтарал больницаялде щвезариялда т1ад тохтур Руслан Бартиевас нухмалъи гьабулеб хехаб кумекалъул коллективалъги. Цо-цо къоялъ хехаб кумекалъул бригада щолаан 30-40 унтарасде т1аде.

КIудияб жавабчилъиялда, къаси-къад чIечIого, хIалтIана больницаялде г1адамал къабул гьариялъул отделениялъул кIудияй сестра Равшан Эмеевагъи. Равшан унтаразухъе рукъое унаан. Гьей мустахIикIлъана **«Инсан»** фондалъул Баркалаялъул кагъаталъе.

Араб к1иго моц1алда больницаялда 230 чи сахлъизавуна.

*И.ИДРИСОВ*

## *Дун вохаравги чIухIаравги вуго*

КъотIноб гIадамаз, редакциялда хIалтIухъабаз дида бицунеб рагIана ЦРБялъул реанимациялъул отделениялда хIалтIулей Зульмира МухIамадрасуловна Забитовалъул хIакъалъулъ. Гьел тIолазго Зульмира рехсолей йикIана бажари бугей, ракIбацIцIадай, унтаразе, заманалда ва жиндирго сахлъиялда барахщичIого, хъулухъ гьабулей хIалтIухъанлъун. Дица гьелъул хIакъалъулъ цIех-рех гьабуна, дун цIакъ вохана гьелъул тухумкьибил дида лъикIго лъалеб букIиналдаса ва гьеб сахаватаб тухумалъул яс гьединай ятиялдаса.



Гьелъул кIудада Абумансур (жиндир мунагьал чураяв) дир инсухъе гара-чIваризе гIемер щолаан. Нижедаса г1езег1анго рик1к1ад вук1аниги (Абумансурил хъизаналъ яшав гьабулеб бук1ана **«Мушгуртала»** абулеб бак1алда), Абумансур ризго щолаан Шавданалде. Бицунеб хабар гьуинав, адаб-х1урмат гьабулев гьев разиго къабул гьавулаан росдал г1адамаз. Гьесул лъималги рук1ана унго-унгояб маг1арул тарбия кьун куцарал.

Гьев вукIана нижер Шавданалда цохIого-цо вугев цаби-гIусал рахъулев чиги. РакIалдаса унаро, щиб бертин росулъ гьабулеб букIаниги, гIадамаз **«Абумансурги ХIанипатги рахъинаре кьурдизе»**, - ян ахIулеб букIараб заман. Кьурдизе букIараб гьунаралъул рахъалъ гьезде вахунев чи нижер росулъ вукIинчIо. Гьезул хъизан букIана ихтилат-кеп, захIмат бокьулеблъун ва авадананаблъун.

Узухъда, Зульмирал эмен МухIамадрасулги (жиндир мунагьал чураяв) дида цIакъ лъикI лъалаан. КIочонаро гьев армиялдаса тIадвуссараб заманалда инсуца тIобитIараб сухIмат. Расул (нижеца гьесда гьедин абулаан) хIалтIулев вукIана районалъул жанисел ишазул отделалда. Кинал хъулухъал тIадкъаниги, гьес гьел тIуразарулаан махщалида, ракIбацIцIад ва жавабчилъиялда. Ниж гIемер дандчIвалаан. ГIадамалгун рагIи рекъезабун бажарулев, гьел ричIчIунев Расулил, гьай-гьай, къиматги букIана, гьесул хIакъалъулъ районалъул газеталдаги хъвалаан.

Зульмирал эбел Алжанатги дир росуцояйлъун ккола. Гьей йиго ВатIанияб рагъул гIахьалчи ХIайбула Бишиевасул яс. Зульмирал кьибил тухумалъул кинаб рахъ босаниги, абизе рагIи гьечIеблъун букIана.

Гьелъул вакьад Арсанбегги дир классцояв ккола.

1990 соналъ Дилим росдал №2 гьоркьохъеб школалда 8 классги лъугIизабун, Зульмира лъугьуна Новосибирск областалъул Барабинск шагьаралъул медучилищеялде. 1994 соналъ гьей, тIоклъигун гьебги лъугIизабун, гIагараб росулъе тIадюссуна.

1997 соналъ Зульмира хIалтIизе лъугьуна ЦРБялъул инфекционнияб отделениялде. 2000- абилеб соналдаса Зульмира хIалтIулей йиго реанимациялъулгун анестезиологиялъул отделениялда. Нилъеда киназдаго лъикI лъала гьеб отделениялда цIакъ захIмат унтарал регизарулеллъи, гьенир хIалтIулел сардалгун къояз гьезда тIад чIезе кколеблъи. Пемераб заманалъ гьеб хIалтIи хIехьолел хIалтIухъабазда тIубанго божилъи гьабизеги бегьула.

Коронавирус унти районалда баккараб заманалда, биценазда рекъон, Зульмира, хехаб кумекалъул машинаялда, зах1матго унтаралгун цадахъ, цо чанго нухалъ Мах1ачхъалаялде щола ва гьей жийгоги унтун йиго.

Сахлъун хадуйги гьей унтаразухъе хьвадун йиго. Цо гьелъ бихьизабула гьелъул сахаватлъи, гIадамазде гурхIел-рахIму букIин ва, жиндирго сахлъиялъе рагьараб хIинкъи букIаниги, гIадамазе хъулухъалъе гьей хIадурай йикIин.

Дида г1емераз бицана капельницаби лъезе, уколал гьаризе гьелъул ц1ик1к1араб махщел бугиланги.

Дун вохаравги чIухIаравги вуго г1адамаз жиндие лъик1аб къимат кьолейлъун Зульмира йикIиналдаса. РакIчIун, абизе кIола хадусанги гьелъул хIакъалъулъ лъикIал рагIаби гурони рагIине гьечIилан.

Бокьун буго, гьаюраб къоги профессионалияб байрамги баркулаго, Зульмирае гьаризе щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел киналниги ишазулъ битIккей.

*М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ*

## *ВЕРНАЯ ПРОФЕССИИ*



**МАДИНА АЛИАСХАБОВНА АХМЕДОВА** родилась в 1961 году в г. Буйнакск.

Мадину с детства завораживали люди в белых халатах. Чем старше она становилась, тем больше её тянуло к профессии медработника и она осталась верна своей мечте. Окончив в 1977 году 8 классов Южно-Сухокумской средней школы №12, она поступила в Каспийское медучилище. Окончив его, Мадина стала работать фельдшером скорой помощи родного города. В 1986 году, переквалифицировавшись, М. Ахмедова стала работать санитарным врачом в отделе рабочего снабжения (ОРС) г. Гай Оренбургской области. В 1999 году, вернувшись в Дагестан, она стала жить в п. Дубки и работать в должности химика-лаборанта местной школы. Хотя работала в школе, Мадина осталась верна своей профессии. К ней обращались те, кто нуждался в медицинской помощи и она никому не отказывала. Мадина посещала больных на дому, ставила капельницы и делала уколы и, конечно, всё это делалась безвозмездно. Любовь к своей профессии, бескорыстие, человеколюбие и другие её лучшие качества в полной мере проявились в трудное для всех нас время карантина.

М. Ахмедова стала добровольцем-волонтёром. Не жалея ни сил, ни времени, не боясь за своё здоровье, она помогала дубкинцам чем могла. Много добрых слов прозвучало в её адрес в эти беспокойные дни.

Дубкинцы, особенно те, кому она помогала, от всей души поздравляют Мадину Алиасхабовну с профессиональным праздником - Днём медицинского работника. Желают ей здоровья, счастья, радости, долгих лет жизни и везения.

*П. МУХУЕВА,*
*п. Дубки*

## От всей души благодарю



Говорят, что половину болезни пациента лечит доброе слово доктора. Это можно сказать о спокойном, добродушном и молодом хирурге Казбековской ЦРБ Юсупе Дациевиче Сайдулаеве. Много добрых слов я услышал об этом молодом докторе, недавно и сам убедился в этом.

Я поступил в хирургическое отделение в тяжелом состоянии и у меня не было надежды, что встану на ноги. Помог мне хирург Юсуп Сайдулаев. Четкие, своевременные действия позволили избежать кризис. Не теряя ни минуты, он провел все оперативные мероприятия. За проведенное в больнице время, Юсуп постоянно контролировал мое состояние.

Наша больница всегда славилась хорошими врачами. В лице Юсупа Дациевича я убедился в том, что есть преемственность поколений, молодые профессионалы переняли мастерство наших врачей.

Хочу выразить огромную благодарность Юсупу Дациевичу, пожелать ему здоровья, счастья, успехов в нелегкой работе. Пусть Всевышний хранит его. Большое человеческое спасибо родителям Юсупа-Даци Зубайриевичу и его супруге за то, что воспитали достойного сына. Пусть такие сыновья растут в каждой семье!

Хочу выразить слова благодарности и доброму, отзывчивому медицинскому персоналу хирургического отделения во главе с Юнусом Айтемировичем Адачовым! Низкий поклон вам, люди в белых халатах!

*Авбакар ИМАНШАПИЕВ,*
*с. Дылым*

# 21 июнь – медицинаялъул хIалтIухъанасул Къо

## ХIАЖАТАЛЪУВ ВАТУЛЕВ

РакIчIун, гьедин абизе бегьула Гlумар Расулович Салмамановасул хIакъалъулъ. Районалъул гIадамазда гьев лъала **«Гlусман»** абураб цIаралда гъоркь.

Гlумар Салманов гьавуна 1965 соналъ Буртунай росулъ. 1983 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьев лъугьана Дагъистаналъул медицинаялъул пачалихъияб институталде. Гьеб лъугIун хадув, (1989 с.), Гlумар цо соналъ хIалтIана гIагараб росулъ тохтурлъиялъул амбулаториялъе нухмалъулевлъун. Лъайгун махщел гьесулъ букIиналдеги балагьун, 1993 соналъ гьев тIамуна районалъул больницаялъул инфекционнияб отделениялъе нухмалъулевлъун. 2008-2009 соназ Гlумарица бетIерлъи гьабуна ЦРБялъеги. 2009 соналдаса байбихьун ва



2018 соналде щвезег1ан гьев хIалтIулев вук1ана Хасавюрталда бугеб медицинаялъул **«VITA»** (ВИТА) централъул бетIерав тохтурлъунги.

Жиндирго аслияб хIалтIиялда цадахъго, гьес бачуна жамгIияб хIалтIиги.

2015 соналдаса гьев ккола районалъул депутатазул Собраниялъул депутатлъун, гьениб гьес гьабулеб буго сахлъиялъул комиссиялъул председательлъи.

Коронавирус унти баккаралдаса, гьелде дандечIеялъул суалалгун жиндихе кIалъаразе, хъваразе гьес рагIаракьанде щварал баянал кьуна.

ТIадехун рехсарабщиналъ бихьизабула Гlумар (Гlусман) Салманов ракIбацIцIад, тIаде босун, бажарун хIалтIулев тохтур вукIин. **«ВИТА»** централде ккарал районцоял гIемер дандчIван ратула Гlумаргун. РакIалде ккола гьесда тIасан дир ккарал пикрабазда гьелги разилъилин.

Баркула Гlумарида профессионалияб байрам, гьарула гьесие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ кидагосеб битIккей.

*Сидрат Г1АЛИЖАНОВА,*
*Буртунай росу*

## Иса Мусаевич Хадисов

родился в 1989 году в с. Борагангечув Хасавюртовского района. Ещё в детстве Иса мечтал стать врачом и не изменил этой мечте. Окончив школу, он поступил в Грозненский государственный медицинский университет.

С ноября 2019 года Иса работает врачом-урологом в нашей районной поликлинике. Пациенты его знают как отзывчивого, знающего своё дело доктора. После появления коронавируса в нашем районе, проявились лучшие человеческие качества Исы, он с самого начала работал в **«красной зоне»**. Одно это по-



казывает, что жизни людей для него важнее, чем собственное здоровье. Можно с уверенностью сказать, что Иса внёс существенный вклад в лечение наших людей от коронавируса.

## Аминат Абулмусаевна Султанбекова

гьаюна 1958 соналъ Дилим росулъ. 1977 соналъ гьелъ лъугIизабуна Дагъистаналъул медицина-лъул училище. Аминат хIал-тIулей йиго больницаялда фельдшер-лаборантлъун.

Гьей г1адамазда лъала хIалтIи бокьулей, жавабчилъи цIикIкIарай медсестралъун. унтаразе хъулухъ гьаби буго Аминатил мурад.



## Аллагьасго махщел кьурав

Гьедин абизе бегьула махщалилъ тIокIлъи бихьизабулезда. Гьединазда гьоркьов рехсезе бегьула МухIамадзапир Султанбегович Юнусовги.

МухIамадзапир Юнусов гьавуна 1959 соналъ Гертма росулъ колхозчагIазул хъизаналда. Школалда цIалулеб заманалда гьев сундулъго мисалиявлъунги вукIана.

1978 соналъ, гIарцул медалалдалъун школаги лъугIизабун, МухIамадзапир лъугьана Дагъистаналъул медицинаялъул училищеялде. ТIокIлъигун гьебги лъугIизабун,1981соналъ гьев лъугьана Дагъистаналъул медицинаялъул пачалихъияб институталде. Гьебги МухIамадзапирица тIокIлъиялда лъугIизабуна. Хадусан гьев хIалтIана медбратлъун ва хехаб кумекалъул станциялда фельдшерлъун.

1988-1989 соназ гьес нахъа тана терапиялъул интернатураги.

1989 соналъ гьев тохтур-



лъун хIалтIизе тIамуна Дубки поселокалъул больницаялде.

1991 соналдаса МухIамадзапир участковыяв терапевтлъун хIалтIулев вуго.

Лъалеб букIахъе, унтарав тIоцеве ккола участковыяв тохтурасухъе. Гьесул рихьизариязда бараб букIуна сахлъи чIезаби, гьевгун дандчIвалда ккараб гара-чIвариялъ хисизабизе бегьула унтарасул сахлъи цIуниялдехун бугеб бербалагьи. Гьеб рахьалъ МухIамадзапирица бихьизабула гIадамал ричIчIин, кумекалъе хIадурав вукIин ва унтаразул ургъелал щущазаризе махщел букIин.

МухIамадзапир ракIбацIцIадго, бажаризабун ва махщалида хIалтIулев вукIин бихьизабула гьесие щварал шапакъатазгун цIаралъ. 2015 соналъ гьесие кьуна **«Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав тохтур»** абураб цIар.

Жиндирго профессионалияб хIалтIуда цадахъго, МухIамадзапирица бачуна жамгIияб хIалтIиги. Гьев ккола посёлокалъулгун районалъул депутатлъун, гьединго, гьес гьабулеб буго сахлъиццуниялъул комитеталъул председателасул заместительлъиги.

РакI-ракIалъ баркула М-запир Султанбеговичасда профессионалияб байрам. Гьарула гьесие сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ битIккей.

*МУХIУЕВАЗУЛ хъизан,*
*п. Дубки.*

## Мадина Салимхановна Дарбищева



гьаюна 1971 соналъ Дилим росулъ. 1989 соналъ лъугьана Дагъистаналъул медицинаялъул пачалихъияб институталде. 1995 соналда гьебги лъугIизабун, к1иго сонилаб ординатура нахъги тун, гьей х1алт1изе лъугьана районалъул больницаялде. 1999 соналдаса Мадина х1алт1улей йиго районалъул педиатрлъун.

Гьей, тIадегIанаб категориялъул тохтур, жиндиего бокьун, ана «багIараб» зонаялда хIалтIизе.

## Рисалат ГIумаровна ХIажиева



гьаюна 1964 соналъ Дилим росулъ. Рисалатица 1990 соналъ лъугIизабуна Дагъистаналъул медицинаялъул пачалихъияб институт. Гьебго соналъ гьелъ байбихьана ЦРБялде хIалтIизе.

2006 соналдаса хIалтIулей йиго рентгеналъул хъулухъалъе нухмалъулейлъун.

Гьеб хъулухъалъ коронавирус унти баккаралдаса 2400 чиясул рентген - сурат бахъана.

## ЯтIатIун чIечIого...

Лъималазе хъулухъ гьабизе тIаде босани, гьел рокьизе ккола. Лъимал рокьулареза гьезда гьоркьор халат хIалтIизеги кIоларо. Мунира Ибрагьимовна Султанова медсестралъун ц1алдохъабазда гьоркьой 17 соналъ хIалтIулей йиго. Гьелъ бихьизабула Мунирае лъималгун гьабулеб хIалтIи бокьулеблъиги гьезулгун хабар рекъезабун бажарулеблъиги.

Мунира Султанова гьаюна 1983 соналъ Буртунай росулъ. ГьитIинаб мехалъго гьелъул ракI цIана медицинаялде ва гьей анищалъе хилиплъичIо.

2000-абилеб соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьей лъугьана МахIачхъалаялъул медицина-



ялъул колледжалде. ЦIалиги лъугIизабун, тIадюссарай гIолилалъ хIалтIизе байбихьана гIагараб школалда медсестралъун. Гьай-гьай, ракIбацIцIад, бажаризабун ва махщалида хIалтIулей Мунира лъикI къабул гьаюна мугIалимзабазулгун цIалдохъабазул коллективаз.

Коронавирус унти росулъ баккаралдаса, къаси-къад чIечIого ва щивго нахъ чIвачIого, гьелъ унтаразе хъулухъ гьабуна. Гьеб унти гьелдаги бахана, сахлъун хадусанги Мунирица унтаразе кумек гьабуна. Гьелъ бицуна гьелъулъ бугеб рекIел къвакIиялъул, росуцоязде бугеб адаб - хIурматалъул ва гIаданлъиялъул.

Мунирада ракI-ракIалъ баркула профессионалияб байрам, гьарула гьелъие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулелщинал ишазулъ битIккей.

*Савдат ИЗИРХАНОВА,*
*Буртунай росу*

## Юсуп Нуцалханович Мусаев

гьавуна 1991 соналъ Гельбахъ росулъ. 2008 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьев лъугьана Дагъистаналъул медицинаялъул пачалихъияб академиялде. 2014 соналъ гьебги лъугIизабун, цо сонилаб интернатураги нахъа тун, 2019 соналъ гьев нилъер районалде хIалтIизе вачIана. Гьезул хъи-



заналда, гIагарлъиялда гьоркьорги руго тохтурзаби, гьелъ батила Юсупицаги тохтурасул махщел тIаса бищараб.

ХIалтIуде бугеб рокьи, бажари, гIадамазде бугеб бербалагьи чиясулъ бихьула къварилъи тIаде бачIараб заманалда. Гьеб рахьалъ Юсупица живго вихьизавуна унго-унгояв магIарулавлъун.

Коронавирус районалда баккаралдаса, гьаниго сардалги ран, гьев ахиралде щвезегIан хIалтIана жиндир гIумруялъе хIинкъи бугеб «багIараб» зонаялда.

*И. ИДРИСОВ*

# *ПОСТАНОВЛЕНИЕ*

*15. 06. 2020 г.* *№ 55*

*с. Дылым*

## *О смягчении ограничительных мероприятий на территории МР «Казбековский район» по предупреждению распространения и завоза новой коронавирусной инфекции (COVID-19)*

В соответствии с Решением оперативного штаба МР **«Казбековский район»** от 15.06. 2020 г. **«О смягчении ограничительных мероприятий с 15 июня 2020 года на территории Казбековского района и рекомендациями Управления Роспотребнадзора но Республике Дагестан от 13.06.2020 года, руководствуясь Уставом МР «Казбековский район»**

Администрация муниципального района **постановляет:**

1. Перейти с 15.06.2020г. к первому этапу смягчения ограничительных мероприятий на территории МР **«Казбековский район»** по предупреждению распространения и завоза новой коронавирусной инфекции **(COVID-19).**

Разрешить с 15.06.2020 года работу:

2.1 Объектов розничной торговли непродовольственными товарами, расположенных вне розничных и оптовых рынков, площадью торгового зала до 400 кв.м, при наличии отдельного наружного (уличного) входа в объект торговли и при соблюдении санитарнопротивоэпидемических мероприятий, масочного режима, дезинфекционного режима и социального дистанцирования, в том числе: нахождение в торговом зале посетителей при условии соблюдения расстояния между ними не менее 1.5 м, -нахождение у каждой кассы не более двух посетителей при условии соблюдения расстояния между ними и работниками магазина не менее 1,5 м. (в том числе путем нанесения соответствующей разметки); при одновременном нахождении в торговом зале магазина лиц из расчета человек на 4 кв.м. - ограничение доступа новых посетителей в магазин.

2.2. По предоставлению бытовых коммунальных услуг:

2.3. Салонов красоты без оказания косметологи чески х услуг, соляриев, парикмахерских (на одно рабочее место), косметических, в том числе маникюра и педикюра.

Оказание услуг каждому посетителю должно проводиться по предварительной записи с соблюдением временного интервала не менее 20 минут между посетителями для исключения контакта между ними, в отдельных кабинетах при условии соблюдения санитарнопротивоэпидемических мероприятий, масоч- ного режима, дезинфекционного режима и социального дистанцирования, в строгом соответствии с предписаниями Управления Роспотребнадзора по РД.

2.4. Прачечных и химчисток при условии соблюдения санитарнопротивоэпидемических мероприятии, масочного режима, дезинфекционного режима и социального дистанцирования, в том числе:

- приема по одному клиенту с обязательным соблюдением расстояния отсотрудника до клиента не менее 1,5м. (в том числе путем нанесения соответствующей разметки) в строгом соответствии с предписаниями Управления Роспотребнадзора по РД:

2.5. Ателье при условии соблюдения санитарнопротивоэпидемических мероприятий, масочного режима, дезинфекционного режима и социального дистанцирования, в том числе:

-обеспечения приема по одному клиенту и соблюдения расстояния от сотрудника до клиента не менее 1,5м. (в том числе путем нанесения соответствующей разметки) при минимизации необходимости проведения примерок в строгом соответствии с предписаниями Управления Роспотребнадзора по

3. В связи с переходом на первый этап снятия ограничительных мероприятий в условиях эпидемического распространения **COVID- 19** разрешить:

- прогулки на улице, в парках и скверах не более 2-х человек вместе, при условии соблюдения масочного режима, социального дистанцирования, исключая посещение мест массового пребывания людей.

- занятия физкультурой и спортом на открытом воздухе и открытых стадионах при условии совместных занятий не более 2-х человек и расстояния между занимающимися не менее 5 метров, в строгом соответствии с предписаниями Управления Роспотребнадзора по рд.

4. Рекомендовать Отделу МВД России по Казбековскому району (Халидов А.Г.) усилить работу по применению масочного и перчаточного режима.

5.Отделу Администрации МР по формированию собственных доходов и развития МСП (Мусалаев Ш) провести разъяснительную работу с предпринимательским сообществом о порядке перехода к первому этапу смягчения ограничительных мероприятий на территории Казбековского района по предупрсждению распространения и завоза новой коронавирусной инфекции (COVID-19).

6. Отделу по ФК и спорту, туризма и делам молодежи админисграции МР **«Казбековский район»** (Булатханов И.А.) провести с руководителями спортивных школ разъяснительную работу о порядке перехода к первому этапу смягчения ограничительных мероприятий на территории района по предупреждению распространения и завоза новой коронавирусной инфекции **(COVID-19).**

7. МБУ **«ЕИЦ»** настоящее постановление разместить в сети Интернет на официальном сайте администрации Муниципального района и в средствах массовой информации.

Контроль за исполнением настоящего постановления оставляю за собой.

***Глава муниципального района Г.Г. МУСАЕВ***

# *Извещение*

## *о начале выполнения комплексных кадастровых работ*

1. В период с 08 июня 2020г по 05.12.2020г . в отношении объектов недвижимости, расположенных на территории: с. Гуни Казбековского района Республики Дагестан № кадастрового квартала 05:12:000009 будут выполняться комплексные кадастровые работы в соответствии муниципального контракта от 08.06.2020 г. № 07-2020г, реестровый номер записи 3051300388920000006 заключенным со стороны заказчика -Администрация муниципального района **«Казбековский район»**, почтовый адрес: 368140, ул. Имама Шамиля 43, с. Дылым, Казбековский район», Республики Дагестан, адрес электронной почты: ekonom_kazbek@mail.ru номер контактного телефона: 55-48-86, со стороны исполнителя - Общество ограниченной ответственностью **«Дагестанкадастрсъемка»**, кадастровый инженер -Хизриев Хизри Газимагомедович.,

- наименование саморегулируемой организации кадастровых инженеров, членом которой является кадастровый инженер: Ассоциация **"Некомерческое партнерство "кадастровые инженеры юга";**

